# «Абат аўыл» бағдарламасы әмелде

Президентимиздиң 2021-жыл 2-апрельдеги «Абат аўыл» ҳәм «Абат мәкан» бағдарламаларын әмелге асырыў бойынша қосымша ис-илажлары ҳаққындағы қарары тийкарында районымыз аймағынан «Абат аўыл» ҳәм «Абат мәкан» бағдарламасын әмелге асырыў ушын «Бақаншақлы» АПЖ аймағынан Мәдeният аўылы, «Ақтерек» МПЖ аймағынан Ақтерек ауылы усы бағдарламаға киргизилди. Бул аймақларға жәми 4 млрд 963 млн. сўмлық қурылыс ҳәм абаданластырыў жумысларын алып барыў режелестирилген болып, соннан республика бюджети есабынан 1 млрд 476 млн сўм, тармақ кәрханалары есабынан 1млрд 984 млн сўм қаржы ажыратылған. Бүгинги күнде режедеги жумыс көлеми толығы менен орынланды. «Абат аўыл» бағдарламасына киргизилген «Бақаншақлы» АПЖ Мәдeният аўылы 9 көше,140 шаңарақтан ибарат. Аймақтағы 8,9 км ишки жолларда қурылыс ҳәм оңлаў жумыслары алып барылып, жолларға сары қум ҳәм тас араласпасы (ЩПС) төселди.

Image not found or type unknown

Электр тармақларын жаңалаў ҳәм модернизациялаў ушын тармақ кәрханасы тәрепинен 918 млн. сўм қаржы ажыратылып, 3,5 км электр тармақлары тартылды. 1 дана трансформатор оңланып, 37 дана бетон бағаналары орнатылды. Газ тәмийнаты бойынша тармақ кәрханасы есабынан 41 млн. сўм қаржы ажыратылып, 4 км газ тармақларында ҳәм 1 дана газ бөлистириўши (ГРП) үскенесинде оңлаў жумыслары әмелге асырылды.

Image not found or type unknown

Байланыс тармақларын раўажландырыў ушын тармақ кәханасы есабынан 396 млн. сўм қаржы ажыратылып, 5 км байланыс тармақлары тартылды.    Бағдарламаға кирген аймақты заман талапларына сай абаданластырыў мақсетинде жергиликли бюджет есабынан 1 км пиядалар жолларын қурыў ҳәм 40 дана түнги жарытқышларды орнатыў жумыслары «Универсал приум строй»ЖШЖ  тәрепинен

алып барылды. Сондай-ақ, 140 дана турақ жайларға оңлаў жумыслары исленди. Ал, «Ақтерек» МПЖ Аймағындағы Ақтерек аўылы тийкарынан 7 көше 175 шаңарақтан ибарат. Бул аймақта «Абат аўыл» бағдарламасы тийкарында 3,2 км ишки жолларға сары қум ҳәм тас араласпасы (ЩПС) төсеў жумыслары толық орынланды. 12,7 км электр энергиясы тармақларын қурыў ,оңлаў жумыслары толық жуўмақланып, 2 дана трансформатор орнатылды. Сондай-ақ, 40 дана түнги жарытқышларды орнатыў жумыслары әмелге асырылды.

Image not found or type unknown

Нөкис районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети